



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SOULINYE PLAN POU ELAJI MACHE KANABIS NEW YORK
LA YON FASON AGRESIF AK FÈ REPRESYON SOU VANT ILEGAL YO**

*Aplikasyon pou kiltive, transfòme, distribye, ak vann kanabis yo ouvri egalman
kounye a*

*Biwo Jesyon Kanabis la lanse nouvo patenarya ak lokalite yo ak lòt ajans Eta yo
pou ogmante siyifikativman amann, penalite, ak opòtinite pou fèmte magazen yo*

*Efò aplikasyon lwa agresif yo te lakoz yo sezi plis pase 8,500 liv pwodwi ilegal, ki
estime ak yon valè ki plis pase 42 milyon dola*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pi gwo ekspansyon mache kanabis legal Eta New York la jiska prezan, ak plizyè santèn lisans ki disponib pou moun ak biznis ki enterese nan grandi, transfòme, distribye ak vann kanabis legalman. Peryòd aplikasyon an ouvri apati jodi a, 4 oktòb la, epi li pral rete konsa pou de mwa. Gouvènè a te anonse tou rezilta kontinyèl aplikasyon lwa agresif kont vant kanabis ilegal atravè eta a ke Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) ak Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) lan te antrepann, ki jiska jounen jodi a te lakoz yo sezi plis pase 8,500 liv pwodwi ilegal avèk yon valè lari yo estime ki plis pase 42 milyon dola. Li te anonse tou nouvo patenarya ak lokalite yo ki pral pèmèt yo pouswiv lòd pou kadnase biznis ki vann kanabis ilegalman nan tribinal Eta a yo, ak yon nouvo inisyativ milti-ajans pou vize operatè ilegal yo pou vyolasyon travay, kidonk sa k ap ogmante siyifikativman amann ak penalite ke biznis yo ka konfwonte. Mache legal Cannabis New York la kounye a pare pou li vin youn nan pi gwo mache nan mond lan; youn ki pral finalman jenere dè santèn milyon nan revni chak ane, ansanm ak kreye oswa kenbe plizyè milye djòb atravè eta a, tout pandan y ap bay priyorize ekite, ankouraje kwasans ti biznis, asire bon jan kalite pwodwi, epi kenbe sekirite konsomatè yo.

"Nou konnen gen espas pou amelyorasyon nan moman New York ap travay pou lanse yon nouvo endistri kanabis ak fè depresyon kont operatè ilegal yo, epi mwen pran angajman pou m travay ak tout moun ki gen enterè pou fè travay la byen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an konsantre yon fason entans sou fèmte vitrin magazen ilegal yo, pwoteje sante ak sekirite timoun yo, epi ede ti biznis yo

pwospere. N ap kontinye travay pou konstwi endistri kanabis la pou adilt ki pi ekitab nan nasyon an ki envesti nan kominote yo epi ki repare mal pase yo."

Chris Alexander, Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis Eta New York la, te deklare, "Sa a se yon moman enpòtan pou antreprenè ki t ap tann opòtinite pou yo rantre nan mache konsekan sa a. Nou ap konstwi mache kanabis ki pi gwo ak pi jis nan mond lan, epi ouvèti yon nouvo fenèt aplikasyon vle di yon ekspansyon opòtinite. Mache New York la santre sou ekite, ak pwoteksyon anti-monopòl ki pi solid nan nasyon an ki an plas ki asire ti operatè yo pral gen yon plas pou tout tan nan endistri kanabis nou an. Mwen apresye angajman solid Gouvènè Kathy Hochul pran nan règleman anti-monopòl nan kanabis, epi mwen pa ka tann pou mwen wè sa nouvo rekòt antreprenè sa a ka fè pou transfòme kanabis anndan ak deyò nan New York."

Prezidan Konsèy pou Kontwòl Kanabis Eta New York la, Tremaine Wright, te deklare, "Eta New York rete fèm nan efò li pou konstwi yon endistri kanabis ekitab, konpetitif ak divèsifye. Jodi a, jou fennèt aplikasyon jeneral nou an ap ouvri, make yon gwo pa annavan nan fè vizyon nou sou yon mache kanabis New York ekitab ak aksesib vin yon reyalyte. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, New York inogire règ ak pwoteksyon solid pou asire tout biznis kanabis ki gen lisans gen yon chans reyèl pou yo fè konpetisyon. Mwen kontan kontinye travay avèk Gouvènè a ak Biwo Jesyon Kanabis la pou devlope sektè sa a yon fason ki responsab, byen reflechi, ak yon fason ki rekonèt epi korije domaj ki te koze pa yon syèk entèdiksyon kanabis."

Pi gwo ekspansyon mache legal jiska dat

Li Gid Aplikasyon an ak Kesyon yo Poze Souvan yo [isit la](#).

Apati jodi a, 4 oktòb 2023, epi k ap dire jiska 4 desanm 2023, tout aplikan ki elijib yo pral kapab aplike pou lisans pou kiltive transfòme, distribiye, vann, oswa pou opere yon mikwobiznis. Sa a pral yon ekspansyon enpòtan mache ki egziste deja a ki ap elaji gradyèlman pou asire ke mache kanabis New York la grandi yon fason ki estab, pou evite chòk pri yo ak efondreman yo te wè nan lòt eta ki te lakòz echèk ti biznis yo ak kontraksyon siyifikatif nan valè mache a an jeneral.

OCM ak CCB pral aksepte aplikasyon pou revizyon epi yo pral kòmanse akòde lisans pou kiltivatè, transfòmatè, distribitè, mikwobiznis, ak dispansè ki vann an detay nan kòmansman ane 2024 la. Pandan fennèt aplikasyon sa a, Kiltivatè Kondisyonèl ak Tranfòmatè Kondisyonèl pou Itilizasyon Adilt ki ap fonksyone kounye a pral kapab aplike tou pou tranzisyon nan lisans konplè ki pa kondisyonèl. Antreprenè k ap chèche aplike pou lisans yo pral kapab depoze aplikasyon yo atravè platfòm New York Business Express (NYBE), ki [aksesib isit la](#).

Règleman ki gouvènè tout kategori lisans CCB te apwouve nan dat 12 septanm nan. Règleman sa yo kreye yon kad pou yon endistri kanabis ekitab ak dirab ki chita sou pi bon pratik sante piblik, tankou retire pwodwi kanabis nan men jèn yo, etabli bon jan kalite pwodwi ak direktiv sekirite, dekri estanda fòmasyon anplwaye yo, ak defini kondisyon sekirite biznis pou pwoteje piblik sekirite piblik la. Règleman sa yo tou ankouraje operasyon kanabis dirab nan priyorez enèji ak efikasite resous ak pwoteje

kont pratik biznis inital yo. An reyalyite, règleman sa yo kenbe objektif ekite ki etabli nan Lwa Kanabis New York la ak Lwa sou Règleman & Taksasyon Mariwana (Marihuana Regulation & Taxation Act, MRTA). Règleman finalize yo se rezilta opinyon piblik enpòtan, ak OCM ak CCB ki resevwa plis pase 4,000 kòmantè ant desanm 2022 ak jiyè 2023.

CCB prevwa bay yon kantite lisans siyifikatif pou vann an detay epi adopte yon apwòch ki gen objektif final pou asire ke Nouyòkè yo gen aksè ak kantite lokal posib pou achte kanabis legalman pi vit posib. Akòz nati anviwònman an detay ki toujou ap chanje epi paske pwosesis ouvèti yon magazen pran alafwa anpil resous ak long, kantite lisans pou vann an detay yo te bay okòmansman ap gendwa pi gwo pase kantite magazen yo prevwa pou ouvri nan premye faz sa a. Apwòch sa a fèt pou veye kont volatilite mache a, ede ti biznis yo antre nan mache a, epi elaji aksè konsomatè yo.

Represyon agresif sou operatè ilegal yo: Rezilta jiska dat ak nouvo patenarya

Gouvènè Hochul te anonse jodi a rezilta nan kat dènye mwa yo nan aplikasyon lwa agresif kont biznis kanabis san lisans ki antreprann pa OCM ak DTF, ke yo te akòde nouvo pouvwa sèlman nan me ane sa a nan kad yon nouvo lwa ke Gouvènè a defann. Lè nou pran aksyon desizif kont biznis kanabis ki pa gen lisans, Eta New York ap fè yon gwo pa nan direksyon pou konbat operasyon kanabis ilegal ki mete an danje sekirite piblik, byennèt konsomatè yo, ak entegrite mache legal kanabis Eta New York la.

Depi 7 jen, OCM ak DTF te fè 246 enspeksyon atravè eta a, epi yo te sezi plis pase 8,500 liv pwodui kanabis ilegal, ki gen yon valè lari yo estime ki plis pase 42 milyon dola. Gouvènè a te anonse tou jodi a rezilta aksyon aplikasyon lwa konsantre sou West Side nan Manhattan ak nan Anbalavil Brooklyn, de zòn nan Vil New York ki gen yon pwopagasyon boutik kanabis ilegal. Aksyon sa yo, ki te fèt jis nan de dènye jou yo, te lakòz yo sezi prèske 150 liv pwodwi ki vo prèske 600,000 dola.

Biznis yo te jwenn k ap vann kanabis ilegalman yo te bay yo Avi Vyolasyon epi yo te gen tou Lòd pou Sispann Aktivite San Lisans ke yo kole deyò pòt yo. Kounye a, biznis sa yo dwe parèt nan yon odyans administratif, kote yo pral detèmine dènye amann ak penalite yo pral fè fas la. Amann pou vant ilegal kanabis ki kòmanse nan 10,000 dola pa jou epi yo ka monte jiska 20,000 dola pa jou pou konduit ki pi flagran an. Yo ka enpoze yon amann adisyonèl 5,000 dola pou retire Lòd la, epi biznis yo enspekte yo kapab tou sibi vyolasyon adisyonèl ak penalite dapre Lwa Fiskalite a. Yo ka enpoze plis amann. Lejislasyon aplikasyon lwa ki te pase an me a te otorize tou OCM pou chèche yon òdonans tribinal Eta pou finalman kadnase biznis yo jwenn ki an vyolasyon lwa a yon fason repete Anplis de sa, lalwa fè li vin yon krim pou vann kanabis ak pwodwi kanabis yo san lisans

Pou reyini plizyè nivo gouvènman pou konbat vant kanabis ilegal, Gouvènè Hochul te anonse jodi a nouvo patenarya ant OCM ak Biwo Pwokirè Jeneral la, kote minisipalite atravè eta a ka resevwa fòmasyon sou fason pou itilize yon dispozisyon patikilye -- Seksyon 16-A. -- nan nouvo aplikasyon lwa Gouvènè Hochul te siyen an me a pou pouswiv lòd pou kadnase nan Tribinal Eta a. 16-A otorize gouvènman lokal yo, ki gen

ladan avoka konte yo, pou yo pouswiv lòd pou kadnase ki baze sou enspeksyon OCM ak DTF fè san OCM pa oblije mande tribinal la fè yon òdonans konsa kont yon biznis yo jwenn ki angaje nan konduit flagran. Otorite sa a ogmante anpil kapasite pou diferan nivo gouvènman an pou travay ansanm pou fèmen operatè cannabis ilegal yo.

Gouvènè Hochul te mete aksan sou dènye siksè Vil Syracuse pou pwofite enspeksyon OCM ak DTF ki te fèt kont operatè ilegal ansanm ak aplikasyon Kòd Antretyen Pwopriyete Eta a pou pouswiv fèmti bilding Vil la te jije ki pa apwopriye oswa ilegal dapre Kòd la, yon lòt egzanp sou fason minisipalite yo ka jwe yon wòl aktif nan konbat mache ilegal la.

Anplis nouvo patenarya sa yo ak lokalite yo, Gouvènè a te anonse ke plizyè ajans eta anplis pral kounye a anchaje pouvwa aplikasyon lwa biznis pa yo kòm yon pati nan apwòch kreyatif ak agresif Eta a pou konbat mache ilegal la. Depatman Travay (Department of Labor, DOL) ak Konsèy Konpansasyon Travayè (Workers Compensation Board, WCB) yo pral mete ansanm ak efò sa yo pou asire ke biznis yo sispèk k ap vann cannabis san lisans yo konfòme yo ak lwa travay ak konpansasyon travayè Eta New York yo:

Konsèy Konpansasyon Travayè yo: Si yo jwenn yon biznis ki gen anplwaye epi li pa gen asirans konpansasyon travayè, WCB a ka enpoze yon Lòd pou Sispansyon Travay (Stop Work Order). Yo bay penalite jiska 2000.00 dola pou chak peryòd 10 jou ki pa respekte dapre kantite anplwaye yo.

Depatman Travay: Y ap enspekte pewòl yo pou asire ke patwon yo ap peye anplwaye yo salè minimòm eta a pou enkli nenpòt lè siplemantè ki elijib yo, anplwaye yo gen dwa gen konje maladi epi an akò ak Lwa sou Sante ak Dwa Esansyèl New York (New York Health and Essential Rights Act, [NY HERO Act](#)) epi konje maladi COVID peye. Amann pou defo oswa reta peman salè, defo pou bay konje maladi, dediksyon ilegal sou salè, èdtan ak dosye pewòl, avi bay anplwaye yo, fich peman, afektasyon prim yo ka ale jiska 1,000 dola pou 1e vyolasyon, jiska 2,000 dola pou 2èm vyolasyon, jiska 3,000 dola pou 3èm vyolasyon ak vyolasyon ki vin apre. Yo ka enpoze amann ki menm jan an pou lòt vyolasyon tou, tankou mank afich Salè Minimòm, defo pou kolabore ak yon ankèt epi pa pèmèt entèvyou anplwaye yo, ak mank peman salè ka lakoz amann jiska 200 pousan nan salè yo dwe peye anplis salè yo dwe a.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Si yon biznis ap vann yon pwodwi san lisans apwopriye a, gen yon enkyetid ke yo ka vyole lòt lwa eta ki pwoteje travayè yo, tankou salè minimòm, lè siplemantè, ak konje maladi, pou site sa yo sèlman. Tout anplwayè, ki gen lisans oswa ki pa gen lisans, ta dwe jwenn menm pwoteksyon travayè ke lalwa egzije. Nou fyè pou nou rejwenn patnè eta ak lokal nou yo nan efò sa a pou asire yo pa vyole dwa travayè yo."

Prezidan Komisyon Dedomajman Travayè Eta New York la, Clarissa M. Rodriguez, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul paske li pwoteje Nouyòkè yo epi asire sekirite yo nan sa ki gen pou wè ak nouvo mache sa a lè li pwofite rezo solid ajans Eta New

York yo. Youn nan travay ki pi enpòtan Konsèy la se asire patwon yo respekte Lwa Konpansasyon Travayè yo. Nou fyè pou nou fè patenarya ak lòt ajans Eta New York nan pran etap enpòtan yo pou wè ke biznis yo konfòme yo. Lè nou itilize otorite nou pou sipòte efò aplikasyon lwa sa a, n ap ede garanti Nouyòkè k ap travay di yo gen aksè ak pwoteksyon yo merite yo dapre lalwa."

Apwòch sa a, ki konbine pouvwa aplikasyon lwa travay, lwa taks, ak lwa kanabis, kapab lakòz pwopriyete biznis ki pa konfòm yo kapab fè fas a dè dizèn milye penalite akòz yon sèl enspeksyon, sa k ap siyifikativman amelyore kapasite Eta a pou fè represyon sou moun ki angaje nan lavant ilegal, epi reyafime angajman pwofon Gouvènè a pou asire ke yo respekte lwa a epi pou Nouyòkè yo pwoteje kont pwodwi ki kapab danjere yo.

Konstwi mache kanabis ki pi ekitab nan nasyon an: Ekite Sosyal ak Ekonomik

Lwa kanabis la etabli yon pwogram ekite sosyal ak ekonomik (social and economic equity, SEE) solid pou priorize ak bay resous pou manm kominote yo ki te afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa politik entèdiksyon kanabis yo, ak objektif pou ogmante patisipasyon yo nan nouvo endistri a atravè aplikasyon [plan SEE](#) Biwo a. Dapre egzijans MRTA yo, objektif OCM ak CCB a se bay 50 pousan lisans pou aplikan SEE ki kalifye yo, ke yo defini kòm moun ki soti nan kominote yo ki afekte yon fason pa pwopòsyonèl (communities disproportionately impacted, CDI) pa aplikasyon lwa pase yo sou entèdiksyon kanabis, biznis ki posede pa minorite ak fanm yo, kiltivatè ki gen pwoblèm, ak veteran ki andikape nan kad sèvis yo, ki pral kalifye tou pou sipò aplikasyon ak fòmasyon teknik atravè Pwogram Sabt Kanabis & Enkibatè (Cannabis Hub & Incubator Program, CHIP) a, ke yo pral lanse otòn sa a.

Aprè plis pase yon ane nan analiz done solid, Gouvènè a te anonse jodi a ke OCM te rive nan yon detèminasyon sou fason pou evalye si yon zòn se yon CDI. Tèm CDI a refere a, men li pa sa sèlman, yon sèten zòn jewografik ki gen yon istwa nan arestasyon, kondanasyon, ak lòt pratik aplikasyon lwa kote yon aplikasyon lwa nan entèdiksyon kanabis diferan konpare ak rès eta a te fèt pandan yon sèten peryòd tan.

Pou idantifye CDI yo, OCM analize popilasyon an, kantite arestasyon yo, ak resansman yo retrace sou yon peryòd tan. OCM te konte sou done arestasyon ki soti nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) ak sondaj resansman pou chak deseni (1980, 1990, 2000, 2010, ak 2020) pou detèmine pousantaj arestasyon yo pou yon sektè resansman an patikilye. Yo te idantifye sektè resansman ki gen pousantaj arestasyon ki pi wo pase pousantaj arestasyon eta a pandan yon peryòd tan kòm CDI yo.

Sektè resansman CDI yo reprezante apeprè yon ka nan popilasyon Eta New York ki te fè eksperyans twa ka nan arestasyon yo pandan kat dènye deseni yo. [Isit la ou ka jwenn](#) kat CDI yo, ansanm ak plis enfòmasyon detaye sou pwosesis aplikasyon an.

Tabatha Robinson, Direktè Devlopman Ekonomik, Politik, & Rechèch nan Biwo Jesyon Kanabis New York la, te deklare, "Antanke yon Nouyòkè natif ki te grandi nan East Brooklyn nan pi gwo epòk kontwòl-ak-fouy la, mwen pa ta ka plis fyè de travay nou

ki analize plizyè deseni done arestasyon ak aplikasyon lwa pou detèmine ki antreprenè ki pral kalifye kòm moun ki soti nan kominote yo ki afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa aplikasyon lwa entèdiksyon kont kanabis la. Mwen te temwen premye pèsònèlman kijan aplikasyon lwa entèdiksyon an te detwi lavi epi li te prive Nouyòkè yo opòtinite yo merite anpil. Kounye a, travay kòmanse asire ke kominote sa yo rekòlte avantaj nan mache kanabis legalize nou an atravè aksè ak lisans ak fon re-establisman kominote a."

Senatè Eta Liz Krueger, te deklare, "Etabli yon mache kanabis legal fonksyonèl ak otonòm nan Eta New York se yon efò enpòtan ke dwe kenbe sou bon wout la si nou pral ofri opòtinite pou moun ak kominote yo ki pwofondman afekte nan lagè kont dwòg la, san bliye ti biznis ak kiltivatè yo, ke Lejislati a te anvizaje lè nou te pase MRTA a. Mwen rekonesan anè Gouvènè Hochul paske li te pran mezi vigoure sa yo pou elaji lisans yo pandan y ap fè represyonsyon sou operatè ki pa gen lisans ki menase vyabilite mache a, epitou pou oryante OCM pou li pi byen ranpli wòl li."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Lè w ouvri pwosesis lisans lan bay tout Nouyòkè yo li ede nou konbat mache ilegal la, pandan n ap konstwi ak envesti nan kominote ki te sibi plis enpak negatif nan "lagè kont dwòg la" ki echwe a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou aksyon li pou konbat lavant ilegal ak travay pou devlope mache lwazi nou an rapid. Mwen paka tann pou mwen aprann plis sou ogmantasyon lavant an detay la pandan odyans lejislatif k ap vini an nan fen mwa a."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Gouvènè Hochul ak OCM ap pran etap ki nesè pou avanse ak onore entansyon konplè MRTA a. Pwogram kanabis nou an te fèt pou vin li pi ekitab nan nasyon an. Pèmèt tout Nouyòkè yo aplike pou plizyè lisans ki gen rapò ak kanabis esansyèl pou atenn objektif ekite sosyal MRTA yo epi pou etabli yon mache kanabis ki an sekirite epi k ap pwospere. Lè nou legalize ak reglemante kanabis nan New York, prensip ki kache yo se te bay opòtinite pou moun ki otreman pa t ap genyen li epi kòmanse repare kominote ki te andomaje nan Lagè kont Dwòg la te echwe a. Avèk anons jodi a, yo pral bay plizyè santèn lisans kanabis bay aplikan ekite sosyal yo, epi kominote ki afekte akòz entèdiksyon kanabis pral byento gen resous yo bezwen yo nfason dezespere. Mwen vle tou felisite Gouvènè Hochul ak OCM paske yo kontinye ranfòse alikasyon lwa kont operasyon kanabis ilegal yo; operasyon ilegal sa yo pa peye okenn revni taks sou lavant nan Eta New York, ki se yon eleman enpòtan nan kapasite nou pou nou kapab reyenvesti nan kominote nou yo."

Konstwi mache kanabis ki pi ekitab nan nasyon an: Pwoteje operatè endepandan ak ti biznis yo

Mache kaabis New York la gen kèk nan pwoteksyon ki pi solid pou yon mache dirab ak konpetitif nan nasyon an. Apwòch la fèt pou anpeche gwo kòporasyon yo monopolize mache a epi pou asire ti biznis yo gen opòtinite reyèl pou fè konpetisyon ak pwospere nan mache kanabis New York la. MRTA te etabli yon sistèm "de-nivo", ki anpeche moun ki gen lisans sou bò òf mache a gen plis pase yon enterè finansye minimal nan biznis ki sou bò k ap vann an detay nan mache a.

Pou asire transparans, responsablite, ak konfòmite regilatwa, OCM pral aplike yon sistèm solid pou swiv pwopriyetè ak enterè finansye aplikan ak pwopriyetè lisans kanabis yo. Sa gen ladann egzijans pou aplikan yo fè lis "Veritab Pati Enterè" (True Parties of Interest, TPI) yo, sa ki pral pèmèt OCM evalye patisipasyon an pwopriyete moun ak biznis k ap fonksyone nan yon nivo nan mache a atravè lòt nivo a. Enfòmasyon enpòtan sa yo pral sèvi yon fonksyon vital nan defann entegrite mache de-nivo New York la ak rantabilite ti biznis yo pou yo fè konpetisyon atravè mache a nan nivo òf ak pou vant detay.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418